

VYOLANS SOU FANM AK CHIMEN POU JWENN ÈD

Vyolans sou fanm se nenpòt aksyon oswa omisyon ki lakòz lanmò, blesi, soufrans, oswa menas pou sa, sou fanm poutèt sèks li. Sa ka fèt nan espas piblik oswa prive e li genyen plizyè fòm:

- Vyolans fizik: kout pwen/pye, pouse, boule
- Vyolans sikolojik: joure, imilyasyon, kontwòl emosyonèl
- Vyolans seksyèl: manyen kò san konsantman, vyòl
- Vyolans ekonomik: kontwòl sou lajan oswa resous, oswa manipilasyon atravè yo
- Vyolans enstitisyonèl: refize sèvis piblik
- Vyolans jinegobstetrik: tretman abizif, dezimanize oswa mank de respè pandan swen medikal; kit se pa aksyon oswa pa omisyon
- Vyolans nan lari: asèlman vèbal oswa fizik nan espas piblik
- Pami lòt fòm vyolans.

Moun k ap fè vyolans yo ka se patnè, ansyen patnè, fanmi, patwon, moun ou konnen oswa moun ki nan pozisyon pouvwa. Nan fanmi oswa nan relasyon koup, li ka parèt tankou kontwòl ekonomik, izòlman, menas ak atak fizik oswa vèbal andedan kay la.

Depi ane 2024, nan Chili, gen yon **Lwa Entegral kont Vyolans sou Fanm** ki garanti dwa ak mezi prevansyon, pwoteksyon, swen, reparasyon ak aksè nan jistis pou fanm ki se sivivan vyolans sou baz sèks yo. Lwa sa a rekonèt divèsite fanm yo, tankou migran, fanm ki gen andikap, fanm endijèn, LGBTQ+, e li egzije Leta pou bay akonpayman pwofesyonèl miltidisciplinè pou ede yo reprann dwa yo ak otorite sou lavi yo.

Fanm migran yo, kèlkeswa sitiyasyon migratwa yo oswa nasyonalite yo, tou pwoteje pa lwa sa a. Yo gen dwa pou resevwa èd, oryantasyon, pwoteksyon ak mezi ijans menm jan ak nenpòt lòt fanm nan Chili.

► **Kisa pou w fè si w ap viv oswa temwen vyolans?**

Ou gen dwa pou resevwa sipò ak fè plent:

- Rele 1455, liy gratis ak konfidansyèl SernamEG (Sèvis Nasyonal Fanm ak Egalite Jan), disponib chak jou.
- Ekri nan WhatsApp Silansye +56 9 9700 7000 pou jwenn konsèy san pale fò.
- Ale nan yon **Sant Fanm SernamEG**, kote pwofesyonèl espesyalize bay konsèy, akèy ak sipò emosyonèl.
- Fè plent nan Carabineros (133), Fono Familia (149), PDI oswa dirèkteman nan Fiskalite.
- Mande mezi pwoteksyon jidisyèl, tankou lòd pou moun nan pa pwoche oswa rantre nan yon Rezidans Tanporè si lavi w an danje.

Kenbe nan tèt

Tout fanm gen dwa viv yon lavi san vyolans,
ak diyite, respè ak sekirite. Ou pa pou kont ou.
Gen èd ak zouti disponib pou ou.



► Adrès Sant Fanm yo
(swen gratis ak konfidansyèl):

- Melipilla: Fuenzalida 74. Tel: +56 9 8125 2061
- San Felipe: Santo Domingo 43. Tel: +56 9 5884 4304
- Rengo: Pasaje Auca. Tel: +56 9 6837 3683
- Las Cabras: Av. Alcalde Carlos Fresno s/n.
Tel: +56 9 7135 8471
- Curicó: Dr. Osorio 500. Tel: +56 9 7578 0731
- Talca: 14 Sur 268. Tel: +56 9 9630 5889

